match EDUCATION | Match Charter Public School

Règleman sou Dosye Elèv pou:
MATCH CHARTER PUBLIC SCHOOL

Lwa federal ak leta yo bay dwa konfidansyalite, aksè, ak modifikasyon konsènan dosye elèv yo (jan yo defini anba a) pou elèv ki gen 14 an oswa plis oswa ki antre nan nevyèm ane, kèlkeswa sa ki rive an premye ("elèv ki kalifye") oswa pou paran/gadyen elèv ki poko gen 14 an e ki poko antre nan nevyèm ane ("paran"). Pou rezon ki la a, "dosye elèv" yo dwe defini kòm transkripsyon yon elèv, dosye tanporè, epi li gen ladan tout enfòmasyon konsènan yon elèv ke Match kenbe, kèlkeswa fòm fizik li, ki òganize sou baz non elèv la oswa nan yon fason ki pèmèt yo idantifye elèv la endividyèlman. Dosye tanporè a gen ladan atik tankou dosye sante ak vaksinasyon, ak anrejistreman siveyans videyo nan limit ke anrejistreman sa yo itilize pou rezon disiplinè elèv la. Match Charter Public School ("Match") ap bay kopi lwa federal ak leta ki aplikab yo sou demann.

Aksè ak Amannman

Yon paran (apa yon paran ki pa gen gad legal li) oswa yon elèv ki kalifye gen dwa pou jwenn aksè, jwenn yon kopi, epi mande yon modifikasyon nan dosye yon elèv si paran an oswa elèv ki kalifye a kwè ke yo pa egzak, yo twonpe, oswa yo vyole dwa sou vi prive elèv la. Pou jwenn aksè, yon kopi oswa pou mande yon modifikasyon nan dosye elèv la, tanpri kontakte Direktè a oswa Direktè Egzekitif la alekri epi aksè sa a pral bay le pli vit ke posib epi nan 10 jou apre premye demann lan. Sou demann, elèv ki kalifye a oswa paran an ka rankontre ak pèsonèl lekòl ki kalifye pwofesyonèlman epi fè entèprete nenpòt kontni nan dosye lekòl la. Si Match deside pa modifye yon dosye elèv jan yo mande a, paran an oswa elèv ki kalifye a ka mande yon odyans. Si, apre odyans lan, Match detèmine ke enfòmasyon ki nan dosye elèv la pa egzak, yo pa twonpe oswa yo pa vyole dwa sou vi prive elèv la, li dwe enfòme paran an oswa elèv ki kalifye a sou dwa pou mete yon deklarasyon nan dosye a pou fè kòmantè sou enfòmasyon ki konteste nan dosye a oswa pou deklare poukisa paran an oswa elèv la, jan sa aplikab, pa dakò ak desizyon ajans lan oswa enstitisyon an. Yo pral konsève deklarasyon sa a kòm yon pati nan dosye elèv la toutotan dosye a konsève, epi yo pral divilge li chak fwa Match divilge pòsyon nan dosye a ke deklarasyon an konsène a.

Yon paran ki pa gen gad timoun nan epi ki vle jwenn aksè a dosye elèv la dwe soumèt yon demann alekri bay Direktè a oswa Direktè Egzekitif la. Lè Match resevwa demann lan, li pral imedyatman avize paran ki gen gad timoun nan pa lapòs sètifye ak premye klas, an Angle ak nan lang prensipal paran ki gen gad timoun nan, ke Match pral bay aksè apre venteyen (21) jou sof si paran ki gen gad timoun nan bay dokiman ki montre paran ki pa gen gad timoun nan pa kalifye pou jwenn aksè. Dosye yo bay yon paran ki pa gen gad timoun nan ap gen tout enfòmasyon adrès elektwonik ak postal ak nimewo telefòn ki gen rapò ak swa kote travay oswa kote lakay paran ki gen gad timoun nan efase epi y ap make pou endike ke yo pa ka itilize pou enskri elèv la nan yon lòt lekòl. Lè Match resevwa yon lòd tribinal ki entèdi distribisyon enfòmasyon anba MGL . c . 71, § 34H, li pral avize paran ki pa gen gad timoun nan ke li pral sispann bay aksè. Paran ki gen kesyon oswa enkyetid konsènan aksè a dosye pa yon paran ki pa gen gad timoun nan ta dwe kontakte Direktè a oswa Direktè Egzekitif la pou plis enfòmasyon.

Konfidansyalite

Anjeneral, piblikasyon dosye elèv yo mande konsantman paran an oswa elèv ki kalifye a, sof si gen sèten eksepsyon. Pa egzanp, anplwaye Match yo (ki gen ladan administratè, sipèvizè, enstriktè, ak manm pèsonèl sipò), administratè, oswa moun ki anba kontra avèk Match (ki gen ladan avoka, oditè, konsiltan medikal ak terapis, ak moun k ap ede anplwaye Match yo nan fè travay yo) ka jwenn aksè nan dosye elèv yo jan sa nesesè pou fè devwa yo san konsantman yon elèv ki kalifye oswa paran yon elèv. Match kapab tou pibliye dosye konplè yon elèv bay pèsonèl lekòl otorize nan yon lekòl kote yon elèv ap chèche oswa gen entansyon transfere san plis avi oswa san resevwa konsantman nan men elèv ki kalifye a oswa paran an. Anplis de sa, Match ka divilge dosye elèv san konsantman kote yon eksepsyon espesifik aplike, tankou bay pati ki apwopriye an koneksyon avèk yon ijans sante oswa sekirite, an repons a yon lòd tribinal oswa yon sitasyon legalman bay apre yo fin fè yon efò rezonab pou notifye paran an oswa elèv ki kalifye a davans, epi bay ofisyèl nan sistèm jistis pou minè nan limit lalwa leta a otorize. Yon demann ki soti nan yon ofisye lapolis oswa yon lòt ajan gouvènman an dwe dirije bay Direktè Egzekitif la oswa moun li deziyen an anvan Match reponn. Lòt ka kote dosye elèv yo ka divilge san konsantman yo dekri nan 20 USC § 1232g(b), 34 CFR § 99.31 ak 603 CMR 23.07(4).

Anplis, lè Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) an gen gad yon elèv, travayè sosyal DCF ki asiyen ak elèv la ap gen aksè a dosye elèv sa a ki gen menm kalite ak menm nivo ak paran yo sou pòtal sou entènèt, lis distribisyon/adrès postal, ak lòt pwotokòl kominikasyon Match itilize pou pataje dosye edikasyon ak done sou chak elèv. Nan limit Match ofri aksè sou entènèt a done espesifik elèv sou prezans ak pwogrè edikasyon, aksè sa a ap pwolonje pou travayè sosyal DCF la, ki gen ladan bay travayè sosyal sa a yon pwofil itilizatè, kalifikasyon koneksyon, enfòmasyon sou kijan pou jwenn aksè nan pòtal la, ak konsèy sou kijan pou itilize sistèm sou entènèt la. Match ap bay aksè sa a pi vit posib, idealman nan senk (5) jou ouvrab, apre Pwen Kontak Swen Adoptif Match la resevwa fòm Avi bay LEA a nan men travayè sosyal DCF la. Pwen Kontak Swen Adoptif Match la ap travay tou ak anplwaye DCF yo pou fasilite aksè a nenpòt lòt sistèm sou entènèt espesifik lekòl oswa pwofesè ki itilize pou pataje enfòmasyon ak paran yo. (Note byen ke paran an pap pèdi aksè a sistèm sou entènèt sa yo sof si gen yon lòd tribinal espesifik pou sa.) Si gen yon chanjman nan sitiyasyon gad yon elèv, DCF ap ranpli fòm Avi bay LEA a ankò, epi Match ap dezaktive aksè travayè sosyal DCF la nan dosye elèv la.

Anplis, Match ka divilge enfòmasyon nan anyè a (jan yo defini l anba a) san avètisman oswa konsantman sof si yon paran oswa yon elèv ki kalifye avize Direktè a alekri, nan dis (10) jou kalandriye apre li fin resevwa règleman sa a, ke paran an oswa elèv la, jan sa aplikab, pa dakò ak divilgasyon nenpòt enfòmasyon nan anyè a (jan yo defini l anba a). Pou rezon ki nan dokiman sa a, "enfòmasyon nan anyè a" defini kòm non yon elèv, adrès li (eksepte adrès yon elèv ki pa gen kay), lis telefòn li, adrès imel li, dat ak kote li fèt, domèn prensipal li etidye, dat li ale lekòl, pwa ak wotè manm ekip atletik yo, nivo klas li, patisipasyon nan aktivite ak espò rekonèt, onè ak prim, ak plan apre lekòl segondè.

Anplis de sa, an akò avèk MGL c. 71, § 89(g), Match pral bay non ak adrès elèv yo bay yon biwo lapòs twazyèm pati sou demann yon distri lekòl, sof si yon paran oswa yon elèv ki kalifye refize divilgasyon sa a lè li bay yon avi alekri bay Direktè a oswa Direktè Egzekitif la nan dis (10) jou kalandriye apre li fin resevwa règleman sa a.

Retansyon Dosye

Match ap konsève kopi diplòm yon elèv pou yon peryòd 60 ane apre gradyasyon, transfè oswa retrè elèv la nan Match. Dosye tanporè yon elèv pa dwe detwi plis pase sèt (7) ane apre elèv la fin retire kò l, transfere oswa gradye nan Match.

Yo dwe retire nòt nenpòt tès entèlijans an gwoup yo bay yon elèv nan dosye elèv sa a nan fen ane lekòl kote yo te administre tès la.

Lè yon elèv gradye, retire kò l oswa transfere nan Match, Match ap bay yon avi alekri bay elèv ki kalifye a ak paran elèv la sou dat apwoksimatif destriksyon dosye tanporè elèv la ak dwa yo pou resevwa enfòmasyon ki nan dosye sa a.

Plent

Paran yo ak elèv ki kalifye yo gen dwa depoze yon plent konsènan swadizan echèk yon lekòl pou konfòme li avèk egzijans lwa ak règleman dosye elèv yo nan Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Massachusetts, 135 Santilli Highway, Everett, MA 02149. Ou ka depoze plent konsènan lwa ak règleman federal ki gouvène dosye elèv yo nan Biwo Règleman sou Konfidansyalite Elèv la, Depatman Edikasyon Etazini, 400 Maryland Avenue SW, Washington, DC 20202-8520, oubyen sou entènèt nan studentprivacy.ed.gov.

Gade tou , Règleman Match sou Aksè a Edikasyon, Konfidansyalite Elèv yo, ak Règleman sou Aplikasyon Lwa Imigrasyon.

Mizajou: Out 2026